

**Egalite ak Ekselans
pou Tout Moun:**

Divèsite nan Lekòl Piblik Vil New York

EGALITE AK EKSELANS POU TOUT MOUN

Divèsite nan Lekòl Piblik Vil New York

Depatman Edikasyon Vil New York la te angaje li pou l sipòte anviwònman aprantisaj ki reflete divèsite Vil New York. Nou kwè tout elèv yo benefisyé lekòl ak sal klas ki divèsifye epi enklizif kote tout elèv, fanmi epi manm estaf lekòl yo ap sipòte epi apresye. Travay sa a esansyèl pou vizyon nou ki se Egalite ak Ekselans pou tout elèv NYC.

Nou kwè nan Egalite ak Ekselans pou tout elèv nou yo. Pandan lekòl nou yo pi fò pase yo janm te ye anvan, nou konnen ke vizyon nou pokò vin reyalite.

Travay pou adrese inegalite epi transfòme sistèm eskolè nou an ap fèt, depi Pre-K pou Tout Moun jiska Aksè nan Kolèj pou Tout Moun. Pwogram Egalite ak Ekselans pou Tout Moun deja ap amelyore kalite lekòl nou yo, kote yo vin pi atiran pou yon gwoup elèv ki pi gran. An menm tan, nou mete plis ak pi bon jan enfòmasyon disponib pou fanmi yo pou yo ka enfòme epitou pou fè chwa eklere sou ki lekòl yo prale. Atravè pwogram Egalite ak Ekselans pou Tout Moun, nou travay pou nou ranpli pwomès chwa lekòl la pou plis fanmi ak elèv.

Men efò nou yo enkonplè san plis konvèsayon ak kominate yo epi avèk aksyon konkè ki abouti a pi plis divèsite nan lekòl. Nou konnen divèsite vini nan plizyè fòm – orijin rasyal, kondisyon sosyo ekonomik, lang matènèl, peyi orijin, kondisyon imigrasyon, abilite , bezwen espesyal, reliyion, sèks, ekspresyon seksyèl, oryantasyon seksyèl, kondisyon lojman, ak orijin epi eksperyans kiltirèl.



Nou kwè, epi rechèch la klè, tout elèv yo benefisyé nan lekòl ki gen sal klas ki divès ak enklizif. Men, aktyèlman, lekòl piblik nou yo pa toujou reflete divèsite Vil nou an, oswa, nan kèk sitiayson, divèsite kominate kote yo lokalize a.

Nou konnen Vil New York la se pi gwo sistèm eskolè nan peyi a, ki genyen 32 distri lekòl kominotè ak apeprè 1,800 lekòl. Nan sistèm nou an, yon senp solisyon apwòch inivèsèl pa ni reyalis ni li pa sa nou espere.

An konsekans, travay pou divèsifye lekòl nou yo, anmenmtan konplèks, delika, epi kritik pou objektif nou pou founi tout elèv nou yo yon edikasyon ki ekilibre epi ekselan.

Plan sa a kòmanse etabli apwòch nou an, kòm yon Vil, pou ogmante divèsite nan sistèm lekòl piblik la.

Kisa apwòch nou an ye?

Menm lè nou pa ka fè travay sa a poukont nou oswa nan yon ti bout tan, nou deja fè plizyè pa annavan nan nivo lokal epi atravè tout vil la. DOE a te lanse Pwogram Divèsite nan Admisyon pilòt yo pou kreye divèsite sosyo ekonomik pami klas admisyon nan lekòl k ap patisipe yo , li ogmante kantite pwogram Nan De Lang ki lye moun ki pale Angle ak sa ki pa pale Angle kòm premye lang atravè Vil la, epi li pwolonje aksè pou Elèv ki gen Andikap nan plizyè milye eskolè.

Plan divèsite a se pwochen etap nou.

Li defini divèsite kòm yon priyорite pou DOE a epi pati nan Tout Pwogram Egalite ak Ekselans pou Tout Moun nou an, etabli yon vizyon pou travay ansanm ak lekòl epi kominote yo pou founi pwogrè enpòtan epi ki dirab, epi li genyen ladan li plizyè chanjman nan politik nou kapab e nou dwe fè kounye a.

Dokiman sila a genyen kat seksyon:

- ① Etabli Priyорite ak Objektif**
- ② Rankontre epi Kolabore**
- ③ Aji**
- ④ Enfòme**
- ⑤ Etabli Priyорite ak Objektif**

Pandan nou konprann se diskou ak deba kominotè konstwiktif ki fèt pou dirije pi gwo travay alontèm ki pou rann lekòl nou yo pi divèsifye, li enpòtan pou nou mete deklarasyon politik DOE a ak objektif anvan yo devan. Sa pral ankouraje yon vokabilè ak konvèrsasyon enpòtan epi pwodiktif ak kominote atravè Vil la, tankou tou ak chèchè epi ak pratisyen yo.

Premyèman, ak lansman rapò sila, Depatman an ap ranfòse divèsite lekòl la kòm yon priyорite. Deklarasyon politik sa a reflete angajman nou epi li pral modle travay nou alavni kòm yon Depatman:

Depatman Edikasyon Vil New York angaje li pou l sipòte anviwònman aprantisaj ki reflete divèsite Vil New York. Nou kwè tout elèv yo ap benefisyé nan lekòl ki gen sal klas ki divès ak enklizif kote tout elèv, fanmi epi estaf lekòl yo sipòte epitou apresye. Travay sa a esansyèl pou vizyon nou ki se Egalite ak Ekselans pou tout elèv NYC.

Dezyèman, nou ap pwopoze plizyè objektif inisyal pou kominote a revize, pou ede nou travay pou yo, epi bati sou yo. Pandan lòt objektif pi alontèm pral soti nan kolaborasyon nou an, objektif sila yo montre plizyè fason nou ka mezire divèsite, epi founi yon kritè enpòtan pou pwogrè nou kòm Vil kap travay pou fè lekòl nou yo pi divèsifye.



Objektif nou yo:

1. Ogmante kantite elèv ki nan yon lekòl gwoup rasyal reprezantatif pa 50,000 nan pwochen senkan yo;
2. Diminye kantite lekòl ki ekonomikman sègmante pa 10% (150 lekòl) nan pwochen senkan yo; epi
3. Ogmante kantite lekòl enklizif ki ap sèvi Elèv k ap Aprann Lang Angle ak Elèv ki gen Andikap

GWOUP RASYAL REPREZANTATIF

Kijan nou defini gwoup rasyal reprezantatif?

Kòm timoun nwa ak Ispanik yo fòme 70% elèv nou yo nan tout vil la, nou konsidere yon lekòl ki gwoup rasyal reprezantatif si ansanm elèv nwa ak Ispanik yo fòme omwen 50% popilasyon lekòl la, men pa plis pase 90% popilasyon lekòl la.

30.7% lekòl nou yo gwoup rasyal reprezantatif aktyèlman.

EKONOMIKMAN SÈGMANTE

Kijan nou defini ekonomikman sègmante?

Nou konsidere yon lekòl ekonomikman sègmante si bezwen ekonomik li yo selon mezi Endèks Bezwen Ekonomik¹ plis pase 10 pouvantaj pwen nan mwayèn tout vil la. Yon lekòl ka sègmante nan nenpòt direksyon – nan sèvi plis elèv ki gen revni ba oswa ki gen plis revni wo.

70.6% lekòl nou yo gwoup rasyal reprezantatif aktyèlman.

ENKLIZIF

Kijan nou defini enklizif?

- Lekòl kote yo akeyi epi ap sèvi avèk efikasite yon kantite elèv reprezantatif, konsiderab ki pale yon lang ki pa Angle lakay yo.
- Lekòl kote yo akeyi epi ap sèvi avèk efikasite yon kantite elèv reprezantatif ki gen Andikap.²

2 Rankontre epi Kolabore

Kolaborasyon ak kominate yo, tankou tou chèchè ak pratisyen yo respekte nan nivo lokal epitou nasyonal, se yo ki pral dirijan prensipal plan divèsite nan tout vil la epi nan nivo distri a.

DOE ap angaje li nan kolaborasyon ak kominate sa a pandan pwochen katran yo avèk mizajou anyèl, pou asire pwosesis sa a abouti a chanjman nan politik epi pratik ki kode nan Règleman Chanselye a ak lòt resous gid pou lekòl nou yo ak fanmi nou yo.

Premyèman, n ap monte yon Gwoup Konsiltatif sou Divèsite Eskolè ki pral abòde pwoblèm politik ak pratik nan tout vil la tankou admision ak pwogram planifikasyon.

- Se Hazel Dukes, Prezidan, NAACP Asosyasyon Nasyonal pou Avansman Moun Koulè (NAACP) pou Konferans Eta New York, ansanm avèk José Calderón, Prezidan Federasyon Ispanik (Hispanic Federation) ak Maya Wiley, Prezidan Konsèy Evalyasyon Plent Sivil (Civilian Complaint Review Board) ak Pwofesè Politik Iben (Urban Policy and Management) ak Administrasyon nan Angajman Nouvo Lekòl Piblik ki pral dirije Gwoup Konsiltatif sou Divèsite nan Lekòl la. Gwoup Konsiltatif la ap genyen ladan li manm gouvènman vil yo, espè nan divèsite nan lekòl lokal ak nasyonal, paran, aktivis yo, elèv yo avèk lòt lidè kominate yo.



¹ Yo defini Bezwen Ekonomik yon lekòl selon Endèks Bezwen Ekonomik (ENI) li, ki detèmine posiblite pou elèv sa yo ki nan lekòl la nan povrete. Yo kalkile ENI a konsa: Si elèv la kalifye pou HRA oubyen l ap viv nan lojman tanporè, Valè Bezwen Ekonomik elèv la se 1.0. Pou elèv lekòl segondè, si elèv la genyen yon lang matènèl ki pa Angle epi l rантre nan NYC DOE pou premye fwa nan dènye katran yo, ENI elèv la se 1.0, Sinon, Valè Bezwen Ekonomik elèv la baze sou pouvantaj fanmi (ak timoun ki gen laj pou y al lekòl) nan sektè resansman elèv la ki gen revni pi ba pase nivo povrete a, selon estimasyon Sondaj Kominote Ameriken an pou Estimasyon 5 An. Valè Bezwen Ekonomik elèv la egal a valè desimal pouvantaj sa a (pa egzanp, si 62% fanmi nan sektè resansman an genyen revni pi ba pase limit povrete a, Valè Bezwen Ekonomik elèv la se 0.62). Endèks Bezwen Ekonomik lekòl la se mwayèn Valè Bezwen Ekonomik elèv yo.

² To a ekivalan a popilasyon borough a pou lekòl segondè epi popilasyon distri pou lekòl entèmedyè.



- Pandan pwochen ane a, Gwoup Konsiltatif sou Divèsite Eskolè a pral gen wòl pou l evalye objektif ak politik inisyal ki nan rapò sila a, epi ajiste yo oubyen etabli mezi adisyonèl.
- Baze sou rezulta yo – sitou parapò ak objektif nou etabli sou reprezentasyon gwoup rasyal, sègmantasyon ekonomik, epi enklizyon – Gwoup Konsiltatif sou Divèsite Eskolè a pral fè rekòmandasyon fòmèl sou politik ak praktik nan tout vil la bay Majistra a ak Chanselye a anvan Jen 2018.
- Gwoup Konsiltatif sou Divèsite Eskolè a pral gen wòl tou pou l founi rekòmandasyon pou estrikti gouvènans alontèm pou travay sa a anndan DOE a.
- Y ap bay distri yo priyore baze sou plizyè faktè, ki gen ladan l bezwen, demann, ak kapasite pou inisyativ nan divèsite.
- Yo deja kòmanse enplemante plizyè jefò sou teren atravè distri Sèten (sitou Distri 1 ak 13) fè pwogrè konsiderab nan direksyon pwòp plan divèsite yo. Nou pral gade travay sa a kòm ni pati nan Gwoup Konsiltatif sou Divèsite Eskolè a ni pwosesis moun ki enterese nan kominote a a, epi yo devwe tou pou founi plis sipò fòmèl ak oryantasyon bay kominote sa yo.

Dezyèman, nan kòmansman otòn sa a, DOE pral demare pwosesis angajman moun ki enterese nan sa k ap fèt nan kominote a nan plizyè distri ki deja kòmanse patisipe nan konvèrsasyon sou ankourajman divèsite eskolè.

- DOE pral travay ak lidè lekòl yo, ak paran, lidè kominotè ak lidè eli yo pou devlope yon plan divèsite patikilye pou distri a pou chak lekòl kominotè.
- DOE a pral aji kòm konseye teknik nan pwosesis la pou bay moun sa yo sipò pou jwenn aksè a resous ak espètiz y ap bezwen pou devlope epi pou enplemante plan an.

Divizyon Estratèj ak Politik DOE a, ak sipò Divizyon pou Angajman Fanmi ak Kominote a, pral travay kòm konseye teknik prensipal ak sipò entèn pou Gwoup Konsiltatif sou Divèsite Eskolè a ak jefò nan planifikasyon ki santre nan distri a.

③ Aji

Nou deja ap pran mezi, jan li dekri pi ba a, pou rann lekòl nou yo pi divèsifye epi reprezentatif vil nou an ak kominote nou yo. Y ap genyen yon enpak enpòtan – epi imedyat – pou plizyè milye elèv ak fanmi yo. Nou atann tou pou jefò sa yo pral modle travay Gwoup Konsiltatif la, epi pral gen enpak sou fason jefò sa yo evolye alavni.



Aksyon inisyal sa yo vrèman poze pwoblèm pratik admision kle yo avèk objektif pou ankouraje plis divèsite ak egalite. Ak menm enpòtans lan, n ap pran mezi pou kreye klima nan lekòl ki pi akeyan epi ki pi enklizif. Pandan y ap enplemante refòm nan admision yo, y ap byen akeyi elèv ki ap benefisyé chanjman sa nan tout lekòl yo, epi y ap genyen abilte pou yo reyisi kèlkeswa nan nenpòt kote yo deside aprann.

Pi ba a genyen douz pwopozisyon pou poze pwoblèm politik ak pratik ki poze defi divèsite nan lekòl. Yo deja kòmanse travay sou solisyon sa yo, epi gen kalandriye etabli pou chak.

1. Elimine “patisipasyon nan sesyon enfòmasyon limited unscreened” kòm yon metòd admision epi ranplase li ak metòd admision ki pral ankouraje plis divèsite.

Pwogram lekòl segondè ki limite san evalye bay priyorite pou elèv ki demonstre yon enterè nan lekòl la lè yo patisipe nan yon sesyon enfòmasyon oswa aktivite open house, oswa ki al vizite tab lekòl la nan yon Fwa Lekòl Segondè. Pou admision pou Otòn 2017, genyen 245 pwogram lekòl segondè ak 94 lekòl presegondè ki ap itilize metòd admision sa a.

Souvan tan se yon obstak pou fanmi ki ap aplike pou lekòl nan Vil New York yo pa pran an konsiderasyon. Yon etid baze sou pwosesis admision pou lekòl

segondè NYC yo jwenn pwosesis aplikasyon lekòl segondè yo mande envestisman tan, omwen, 25 a 72 èdtan. Pou paran ki travay orè travay ki long oubyen plizyè travay, oubyen ki gen anpil responsablite kòm founisè swen, yo gen dwa pa ka konsakre ase tan pou pwosesis aplikasyon ki baze sou patisipasyon nan sesyon enfòmasyon limited unscreened la.

Elèv nou yo ki genyen pi plis bezwen yo ap resevwa priyorite pou pwogram ki baze sou patisipasyon nan sesyon enfòmasyon limited unscreened nan to pi ba pase lòt elèv yo. Sa vle di elèv sa yo gen mwens chans resevwa yon ekivalan pou pwogram limite san evalye ak pèfòmans ki wo, demann ki wo. Retire obstak sa a pou admision kapab etabli kondisyon konkirans egal, sitou pou fanmi ak resous epi tan ki limite.

KALANDRIYE: Apati sezón ete sa a, DOE a pral anboche direktè, lidè lekòl ak kominate eskolè yo pou kolabore sou yon plan pou tranzisyon ki lwen pwogram ki baze sou patisipasyon nan sesyon enfòmasyon Limited Unscreene yo. N ap konplete tranzisyon sa a atan pou pwosesis admision pou elèv k ap rantre lekòl segondè nan otòn 2019.

Nou pral travay ak lekòl yo pou nou idantife metòd admision altènatif, ki gen ladan I Opsyon Edikatif, ki ankouraje divèsite akademik pou aksepte elèv ki nan nivo akademik yo ki pi laj.

2. Devlope estrateji pou ogmante aksè nan lekòl baze sou evalyasyon dosye akademik screened pou tout elèv, sitou elèv ki gen bezwen ki pi plis.

a. Elimine Revelasyon Klasifikasyon Lekòl Presegondè

Nan nivo lekòl presegondè a, 25% pwogram yo klase elèv yo atravè yon seri kritè admisyon, oswa yon "evalyasyon." Prèske mwatye pwogram ki baze sou evalyasyon sa yo – sa ki lokalize nan distri 1, 2, 3, 4, 5, 13 ak 14 – kenbe klasifikasyon ki revele, ki vle di lekòl yo kapab wè kote yon elèv klase yo sou aplikasyon pou lekòl presegondè yo.

Sèten lekòl ki baze sou evalyasyon nan distri ak klasifikasyon ki revele sèlman chwazi elèv ki plase yo an premye pozisyon oswa an dezyèm pozisyon sou aplikasyon yo. Lè klasifikasyon ki revele a anplas, pwosesis aplikasyon an vin estratejik epi ki pa jis. Fanmi yo gen tandans fè premye ak dezyèm chwa ki pridan; fanmi ak timoun ki vle aplike pou yon pwogram ki trè konpetitif men ki pa sèten ke y ap jwenn admisyon ka pa fè sa akòz yo pè pèdi premye chwa yo.

Enplemantasyon klasifikasyon "avèg" pou tout lekòl presegondè ki baze sou evalyasyon pral kreye yon pwosesis ki pi jis epi ap ede ankouraje plis klas ki divèrsifye ak elèv ki kalifye. Vennsenk nan distri lekòl kominotè yo deja genyen klasifikasyon avèg pou plas nan lekòl presegondè ki baze sou evalyasyon

KALANDRIYE: Apati sezon ete sa a, DOE a pral angaje direktè ak lidè eskolè pou devlope plan pou enplemant klasifikasyon avèg pou tout pwogram lekòl presegondè nan pwosesis admisyon pou elèv k ap rantre lekòl presegondè nan otòn 2019.

b. Ogmante aksè nan Lekòl Segondè ak Lekòl Presegondè ki Baze sou Evalyasyon Dosye Akademik Screened pou Elèv ki gen Andikap (SWD), Elèv k ap Aprann Lang Angle (ELL), ak Elèv ki nan Lojman Tanporè (STH):

Atravè inisyativ *Wout Pataje (Shared Path) pou Siksè* DOE a, nou chanje pwosesis enskripsyon an – apati 2012 – pou asire ke elèv ki gen andikap yo genyen aksè a menm lekòl, ansèyman, ak gwo atant menm jan ak kamarad ki pa gen andikap yo. Kidonk, kantite SWD ki ap resevwa òf pou pwogram lekòl ki baze sou evalyasyon plis pase twa fwa pandan dènye senkan yo. Pwochen etap la se kontinye ogmante aksè a pwogram sa yo pou SDW ak ELL yo.

DOE a pral kontinye travay ak direktè epi lekòl yo, dapre politik *Wout Pataje (Shared Path) pou Siksè* a, pou asire lekòl ak pwogram ki baze sou evalyasyon yo ap aksepte SWD nan to ki ekivalan a popilasyon borough a pou lekòl segondè ak popilasyon distri a pou lekòl presegondè, epi Biwo Edikasyon Espesyal la pral bay lekòl yo sipò pou sèvi elèv sa yo. Kòm pati nan jefò sa a, DOE a, pral bay 21 lekòl presegondè, sipò ki aktyèlman ap jere pwòp pwosesis admisyon yo ni nan etabli ni nan atenn objektif yo pou admisyon SWD yo. Finalman, DOE a pral kòmanse pwosesis bay lekòl ki baze sou evalyasyon yo sipò nan devlope plan patikilye pou rekrite, klase, akeyi epi bay lòt elèv sipò ki gen bezwen akademik oswa sipò patikilye, ki gen ladan li SWD, ELL ak STH yo

KALANDRIYE: Apati sezon otòn sa a, DOE a pral angaje entèmedyè ak segondè nan objektif pou l ogmante aksè, ak enplemantasyon k ap kòmanse pou pwosesis admisyon pou elèv k ap rantre nan lekòl presegondè ak segondè nan otòn 2018.

3. Senplifye mekanik fòmèl pou fanmi yo aprann sou opsyon lekòl yo epi aplike

a. Kreye aplikasyon sou entènèt pou admisyon nan lekòl presegondè ak segondè

Nouvo aplikasyon, sou entènèt, ki optimize pou aparèy selilè pou lekòl presegondè ak segondè pou ede fanmi ki pa gen tan ak resous pou navige pwosesis papye konplike aktyèl la. Sa pral ajoute sou aplikasyon sou entènèt Kindergarten Connect la ki soti an 2014, epi li pral:

- Pèmèt nou kreye yon pwosesis pèsonalize pou chak elèv, ki gen ladan li yon seri konplè opsyon rekòmande baze sou enterè, jewografi, ak lòt faktè;
- Ekonomize tan pou fanmi yo nan redui kantite enfòmasyon pou yo revize;
- Pèmèt “yon sèl kote pou fè acha,” gen ladan li anrejistreman pou Tès Admisyon pou Lekòl Segondè Espesyalize yo, ak nenpòt evalyasyon eskolè pou lekòl ki baze sou evalyasyon ak odisyon;
- Fasilité pwoblèm anrejistreman done yo sou manm estaf lekòl presegondè ak segondè yo, ki pèmèt yo pase tan sa a ap bay elèv yo oryantasyon;
- Kreye aksè fasil pou jwenn sipò sou entènèt.

KALANDRIYE: Nouvo sistèm nan ap anplas nan otòn 2018, pou pwosesis admisyon pou elèv k ap rantre nan lekòl presegondè ak segondè nan otòn 2019.

b. Agrandi zouti NYC School Finder (Rechèch lekòl) la pou tout pwosesis admisyon yo

Zouti School Finder NYC a (schoolfinder.nyc.gov) te kreye pou ede fanmi yo pou aprann pi fasilman epi, pi rapidman, sou epi gen aksè a lekòl segondè Vil New York. Zouti entè aktif sa a sou entènèt, li optimize pou aparèy selilè, epi li disponib aktyèlman nan lang Panyòl epi Angle. Nan ti tan depi yo lanse NYC School Finder a, plis pase 85,000 moun itilize li.

DOE a ap kolekte enfòmasyon nan men konseye pedagojik yo, elèv, ak fanmi yo pou amelyore zouti a yon fason pou li ka sèvi kòm yon resous efikas pou aprann plis sou pwogram ki pi byen reponn a bezwen chak elèv epi sa ki enterese chak elèv. DOE a pral kontinye bati nouvo karakteristik pou NYC School Finder a epi pwolonje zouti a pou l mete pwogram pre-K jiska lekòl presegondè, epitou li tradui li nan lang DOE adisyonèl.

KALANDRIYE: Nou gen objektif pou nou amelyore NYC School Finder la anvan kòmansman sik admisyon an pou pwosesis admisyon otòn 2018

c. Travay ak lekòl yo pou senplifye vizit lekòl yo, jounen pòt ouvè, ak anrejistreman pou evalyasyon ak odisyon nan lekòl

Pandan DOE ap travay pou elimine metòd admisyon limite san evalye yo epi pwolonje aksè pou lekòl baze sou evalyasyon, nou pral ede soulaje kèk estrès ak tèt chaje sou pwosesis enskripsyon an pou patisipe nan vizit lekòl yo ak jounen pòt ouvè, tankou tou anrejistreman pou evalyasyon nan lekòl, entèvyou ak odisyon. Sa pral enkli plizyè estratèj, tankou:

- Òganize jounen pòt ouvè ki byen pibliye nan prentan pou fanmi elèv ki nan klas setyèm ane ki pral patisipe nan admisyon pou lekòl segondè nan otòn
- Òganize jounen pòt ouvè nan tout lokal yo, pou fanmi yo pa gen pou yo retounen plizyè sware nan lekòl ki pataje;
- Kreye jounen pòt ouvè ak vizit nan otòn pou fasilité kantite patisipan o maksimòm. Nou pral evalye kantite sa a dapre kantite ane anvan yo;
- Kreye “orè travay biwo” pou reponn apèl telefòn pou fanmi yo ak elèv yo ka rele lekòl yo pou enfòmasyon;
- jounen pòt ouvè ak vizit nan otòn omwen pandan de jou chak semèn apati mitan septanm jiska dat limit aplikasyon yo epi pa mwens pase de jou nan wikenn;
- Travay ak lekòl yo pou devlope solisyon nouvo pou founi enfòmasyon bay fanmi ki pa ka fè vizit anpèsòn (pa egzanp kreyasyon vizit lekòl vityèl);
- Enpleamente yon pwosesis enskripsyon komen pou pwogram ki baze sou evalyasyon yo ki mande yon entèvyou oswa evalyasyon adisyonèl; epi
- Amelyore aksè done sou entènèt santral kote fanmi yo ka gen aksè a enfòmasyon pou tout jounen pòt ouvè yo.



Pandan tout amelyorasyon sa yo pral ede tout elèv ak fanmi yo, y ap espesyalman ede sa ki pa gen tan ak resous pou navigate pwosesis konplike aktyèl la. Anplis, sa pral ede lekòl yo rekrite elèv ki dwe yo pami yon gwoup ki pi laj ki ap gen ladan I elèv ki ka pat gen opòtinite pou yo aprann sou lekòl sa a yon lòt jan.

KALANDRIYE : Apati sezon ete sa a, DOE a pral angaje direktè ak lidè eskolè pou kòmanse enplemant chanjman nan sezon otòn sa a N ap konplete chanjman sa yo atan pou pwosesis admisyon pou elèv k ap rantre lekòl segondè nan otòn 2019.

4. Pwolonje Divèsite nan Admisyon pilòt yo.
 Aktyèlman, 21 lekòl elemantè, entèmedyè, ak segondè kreye objektif Divèsite nan Admisyon pou gwoup elèv patikilye, li gen ladan I elèv ki elijib pou repa gratis oswa a pri redui, Elèv k ap Aprann Lang Angle, ak elèv ki gen fanmi ki te nan prizon. Anpil nan lekòl sa yo devlope tou plan divèsite global ki baze sou chanjman nan pwogram admisyon yo atravè Pwogram Opòtinite Remanasyon Pwogresif nan Lekòl

pou Ekselans (PROSE).

DOE a kontinye aksepte aplikasyon pou enplemantasyon nan sik admisyon 2017-18 la. Nan sik alavni, DOE a pral angaje pwofesyonèl pre-K kontraktyèl (Sant Edikasyon Rapid nan Vil New York, oswa NYCEEC) epi pral pèmèt lekòl presegondè yo pou yo pwopoze louvri admisyon yo nan tout borough a. Pandan lekòl yo ap konplete plizyè ane nan pwogram esè a, DOE pral travay ak lekòl esè yo pou idantifye lesyon yo aprann yo, ki gen ladan I sipò nesesè pou asire objektif esè a atenn, epi pral apwofondi inisyativ la kòmsadwa.

KALANDRIYE: Difizyon adisyonèl pou sipè-entandan, direktè ak kominote lekòl yo sou pwosesis aplikasyon Divèsite nan Admisyon ap lanse nan prentan. Pwochen seri lekòl apwouye yo pral anonse atan pou pwosesis admisyon pou elèv k ap rantre nan otòn 2018. N ap pwolonje pou pwosesis admisyon NYCEEC yo pou elèv k ap rantre Pre-K nan otòn 2018.

5. Evalye efò Elèv nan Lojman Tanporè ki nan esè pou admisyon epi pwopoze yon plan revize

Ane eskolè sa a, DOE te asosye ak Depatman pou Sèvis Sanzabri ak Administrasyon Resous Imèn pou kreye epi enplemante yon estratèj konprevansif pou ogmante aksè pou pwosesis admisyon pou Pre-K a 12yèm pou STH ak fanmi yo.

Admisyon an Admisyon an sipò ki te pilote ane pase yo –ki gen ladan I fòmasyon pou plis pase 300 estaf entèn-nan abri atelye-nan abri; abri «Jou Aksyon» pou bay fanmi yo sipò nan konplete aplikasyon; kanpay tèks; pèmèt fanmi yo konplete yon Demann pou Evalye sa ki Dwe epi gen Talan nan abri; epi envitasyon dirèk, transpò, ak konsèy endividylè pou sesyon enfòmasyon ak fwa – montre rezulta ankourajan.

Ane sa a, pousantaj elèv kalifye nan abri k ap aplike pou Pre-K ogmante a 47 pousan, ki monte 38 pousan de ane pase; 41 pousan elèv nan abri k ap aplike pou lekòl matènèl monte 36 pousan de ane pase; 32 pousan elèv nan abri liste 12 chwa sou aplikasyon lekòl segondè yo – ki monte 27 pousan de ane pase, epi pi wo pase mwayèn nan tout vil la.

KALANDRIYE: Nou kòmanse revize done nan premye ane esè sa a epi nou pral pwopoze yon plan revize pandan sezon ete 2017.

6. Analize epi pwolonje inisyativ divèsite nan Lekòl Segondè Espesyalize a

Nan 2014 ak 2015, sèlman 5 pousan òf bay Lekòl Segondè Espesyalize te ale jwenn elèv nwa, epi 7 pousan te al jwenn elèv Ispanik — malgre de gwoup sa yo konpoze 70 pousan elèv uityèm ane vil la.

An konsekans, nan SY 2016-17 DOE a enplemante yon plan 6-pwen sантre sou ogmantasyon difizyon ak preparasyon pwogram pou elèv ki òdinèman sou reprezante nan Lekòl Segondè Espesyalize yo pou ogmante aplikasyon, akseptans, ak prezans yo.

Sezon prentan ak ete sa a, nou pral pwolonje plizyè nan inisyativ sa yo, baze sou premye rezulta pozitif yo:

- Akòz Jou Lekòl SHSAT, yon pwogram kote nou ofri Tès Admisyon Lekòl Espesyalize a (SHSAT) pandan jounen lekòl la nan 7 lekòl presegondè, kantite elèv ki teste nan sit sa yo ogmante plis pase 50 pousan. Otòn sa a, nou pral pwolonje Jounen Lekòl SHSAT a 15 lekòl presegondè.
- Patisipan nan pwogram DREAM nan – yon program gratis apre lekòl ki prepare elèv yo pou SHSAT a ke nou te pwolonje nan ete 2016, – konpoze ak 6 pousan nwa ak Ispanik k ap teste, men 26 pousan SHSAT ofri pou nwa ak Ispanik ki ap teste. Nou ajoute 30 pwogram apre lekòl atravè model DREAM nan prentan sa a.
- Apati sezon ete 2017, DOE pral enplemante tou Pwogram Dekouvèt (Discovery Program) – yon pwogram ete pou elèv ki genyen bezwen elve ki fè yon nòt sou SHSAT a ki nan yon sèten nivo pi ba pase minimòm nòt limit pou admisyon nan lekòl sa a – nan sèt lekòl segondè espesyalize, ki gen ladan I Bronx High School of Science. Ane pase, nou pwolonje pwogram nan nan Brooklyn Technical High School epi nou ajoute yon nouveau pwogram nan High School of American Studies nan Lehman College. Nou pral kontinye travay ak kominote lekòl la pou enplemante yon pwogram Dekouvèt nan Stuyvesant High School nan ete 2018. Enplemantasyon Pwogram Dekouvèt nan lekòl sa yo pral ogmante opòtinite pou yon pi gwo varyete elèv ki prale nan yon pi gwo kantite lekòl segondè espesyalize.

KALANDRIYE: Pwolongasyon sa yo kòmanse nan prentan 2017 epi pral kontinye nan ane k ap vini yo.



7. Planifikasyon pou divèsite lè nouveau lekòl ak pwogram ap louvri.

DOE a pral kreye nouveau pwogram – epi lè sa posib, nouveau lekòl – ki pral travay pou ankorajé divès sal klas nan espas ki pa itilize ase. Ak kòmante epi sipò Gwoup Konsèy sou Divèsite nan Lekòl ak kominate yo, nou pral bati epi mentni entansyonèlman divès kominate lekòl nan angaje ak moun ki enterese nan kominate lokal la pou konprann bezwen yo, louvri nouveau lekòl ki baze sou evalyasyon epi kreye opòtinité pou elèv diferan lekòl aprann ansamn nan pwogram espesyalize, sitou kote lekòl yo deja pataje kanpis.

Sa yo ka enkli pwogram bileng – nan travay sou 88 pwogram administrasyon sa louvri depi septanm 2014, nan rasanble elèv ansamn ki pale diferan lang nan yon sèl sal klas. Yo ka enkli tou Boza, STEAM, STEM oswa pwogram karyè/teknik. Lekòl ki pataje espas ka louvri pwogram pou elèv nan tout kanpis la oswa plizyè lekòl nan zòn pwòch ka pran avantaj yon sèl sit santralize.

KALANDRIYE: Nou gen pou objektif louvri 15 nouveau lekòl oswa pwogram sou pwochen twazan yo ki genyen plan patikilye pou desèvi popilasyon k ap kòmanse ak lekòl oswa pwogram k ap louvri nan 2018

8. Asire divèsite se yon faktè nan rezònman lekòl epi amelyore pwosesis pou apwofondi angajman ak kominate yo

Pou diminye pwoblèm ankonbreman, DOE a te pwopoze epitou Komite Edikasyon Kominote (Community Education Councils) a te apwouve 18 repatisyon zòn depi 2014, ki genyen ladan li youn nan Distri 3 ak youn nan Distri 13 kote divèsite te yon pati enpòtan nan konvèrsasyon an. Kòm pati nan jefò sa yo, DOE a pran an konsiderasyon divèsite aktyèl la pou lekòl ki afekte yo.

Kote li posib, dapre kontrent modèl lojman ak deplasman yo, lè y ap pase yon pwosesis redistribisyon sektè jewografik DOE a pral fè kreyasyon sektè jewografik ekitab epi divès yon priyorite. Nou pral chèche tou pou nou kreye pwosesis planifikasyon ki pi enklizif , epi kolaboratif pou tout re-distribisyon sektè jewografik nou yo nou yo.

KALANDRIYE: Gwoup Konsiltatif sou Divèsite Lekòl pral fè rekòmandasyon sou pratik pou itilize nan pwopozisyon alavni pou priyorize divèsite nan lekòl epi angaje manm kominate yo pi plis.

9. Vize finansman, ki gen ladan I finansman bous magnet, pou ankorajé divèsite

DOE genyen yon dosye pou kreye epi mentni lekòl magnet yo. Lekòl magnet yo ofri yon gran varyete

Pwogram distenktif ak patenarya pou atire laj kantite etidyan ki genyen diferan istorik. DOE ap enplemante kat nouvo bous magnet, ke yo resevwa nan mwa Oktòb 2016, pou 19 lekòl atravè distri Queens ak Brooklyn. Dapre Pwogram federal Asistans pou Lekòl Magnet yo pou 2015-16, DOE a te resevwa tou finansman siplemantè pou mentni sèt lekòl magnet elementè nan Distri 13, 15, ak 28. Apati kounye a, DOE a angaje pou l'asire ke bous magnet yo ale nan lekòl ki pral itilize estratèj pou kreye yon kominate eskolè ki pi divèsifye.

KALANDRIYE: Direktè yo , ki gen sipò DOE santral, pral rankontre ak 19 lekòl sa yo pandan ete 2017 pou revize plan yo epi idantifye sipò pou asire objektif bous yo atenn pou ogmantasyon divèsite.

10. Ankouraje klima eskolè akeyan pou tout elèv yo nan kontinye epi pwolonje refòm disiplin lekòl.

DOE a enplemante refòm nan klima eskolè epi sekirite eskolè baze sou yon angajman nan kreye lekòl ki mete tout elèv sou pakou reyisit kòrekteman epi an sekirite Chanjman nan entèvansyon klima eskolè chèche poze pwoblèm inegalite ki afekte elèv nwa ak elèv edikasyon espesyal yon fason negatif, ki genyen kat fwa chans pou yo mete yo an sispanson pase kamarad yo Travay sa a pral espesyalman kritik pou asire klima eskolè yo enklizif epi akeyan pou tout elèv ak fanmi yo, epi bati sou chanjman nan admisyon ki dekri pi wo yo.

Pati nan estratèj sa se enplemantasyon apwòch restoratif nan lekòl nou yo pou bay elèv, pwofesè, ak lidè eskolè yo yon nouvo seri zouti pou reponn a ensidan Jiska dat, plis pase 400 lekòl enplemante apwòch jistics restoratif epi yo fòme 2,453 manm estaf.

KALANDRIYE: N ap pwolonje kantite fòmasyon yo epi nou anboche plis kowòdonatè restoratif ki sible nan lekòl ak bezwen elve.

11. Ogmante patisipasyon elèv ki sou reprezante nan STEM epi kou egzijan

Done nasyonal ak lokal montre ke, menm ak lekòl endividiyèl yo, elèv ki gen andikap, elèv nwa ak Ispanik yo, elèv ak revni ba, Elèv k ap Aprann Lang Angle, epi fi yo ka sou reprezante nan kou syans ak jeni, tankou tou nan travay nivo inivèsité ak travay egzijan.

Kòm pati nan inisyativ AP pou Tout (AP for All), DOE asosye ak Lekòl Opòtinite Egal yo kòm pati nan Inisyativ Avans pi Wo pou ogmante an patikilye patisipasyon nan AP epi reyisit nan 24 lekòl segondè pami elèv koulè epi elèv ak revni ba ki pa enskri kounye a nan kou AP. 98 lekòl elementè, entèmedyè, ak segondè patisipan yo nan pwogram Syans Enfòmatik pou Tout gen pou yo devlope plan pou angaje elèv fi ak nwa epi Ispanik y o nan kou yo kòm pati nan aplikasyon yo.

24 lekòl Avanse pi Wo (Lead Higher) yo pral enskri yon 1,400 elèv nwa ak elèv revni ba anplis nan kou AP pandan otòn sa a. Ekip Ap pou Tout (AP for All) la pral itilize menm estratèj ak 7 le kòl adisyonèl yo pou enskri elèv ki sou reprezante nan kou AP anvan Prentan 2019, epi tou devlope yon seri rezulta ak estratèj nan lekòl Avans pi Wo (Lead Higher) yo ka pataje epi pwolonje nan tout lòt lekòl segondè.

Pandan n ap pwolonje Syans Enfòmatik pou Tout (Computer Science for All), lekòl adisyonèl pral pran plan patikilye pou ogmante aksè a elèv ki sou reprezante.

KALANDRIYE: Apati otòn sa a, plis pase 50 lekòl segondè adisyonèl –ki gen ladan I 24 lekòl Avanse pi Wo yo – pral bay elèv ki sou reprezante yo sipò nan jwenn aksè pou STEM ak travay nivo inivèsité atravè AP pou Tout (AP for All) ak Syans Enfòmatik pou Tout (Computer Science for All). Lekòl adisyonèl pral kontinye pran travay sa a jiska 2025.

12. Pwogram Egalite ak Ekselans pou Tout Moun

Divèsite nan lekòl epi nan sal klas mache men-dan-lamen ak kalite lekòl la Pandan n ap pran mezi pou ogmante divèsite nan patenarya ak Gwoup Konsiltatif sou Divèsite nan Lekòl la ak distri yo, epitou nan 12 pwopozisyon pi wo yo, li enpòtan nou amelyore chak lekòl nan chak borough pou asire opsyon kalite siperyè pou tout elèv yo. Plan divèsite sa a se pati nan pwogram Egalite ak Ekselans pou Tout Moun nou an, epi li pa ka reyisi san lòt konpozant nan pwogram sa a.

An menm tan ak jefò patikilye sou divèsite atravè AP pou Tout epi Syans Enfòmatik pou Tout, pi gwo pwogram jeneral Egalite ak Ekselans pou Tout la – Majistra De Blasio ak Chanselye Farina te anonse nan mwa septanm 2015 – travay pou kreye yon fondasyon rapid pou reyisit elèv yo, pwolonje travay egzijan pou chak lekòl, epi founi plis sipò sosyo emosyonèl ak konsyantizasyon pou kolèj epi planifye sipò pou tout elèv

KALANDRIYE: Atravè pwogram sa a, anvan 2026 80% elèv yo pral gradye lekòl segondè atan epi omwen de-tyè gradye yo pral pare pou kolèj.

④ Enfòme

Nan otòn 2017 DOE a pral lanse yon nouvo paj entènèt ki pral pataje enfòmasyon ak resous ki gen rapò ak jefò nou yo nan divèsite.

Sitwèb la pral:

- Enkli detay sou inisyativ sантre nan divèsite k ap devlope yo
- Ap yon resous kote fanmi, anseyan, ak lòt manm kominote lekòl yo ka jwenn rezime, lyen pou dènye rechèch sou benefis divès done sou lekòl ak sal klas yo ki gen rapò ak divèsite nan lekòl Vil New York yo, epi enfòmasyon sou praktik ke yo itilize la a epi nan lòt vil pou ankouraje divèsite.



- Enkli enfòmasyon aktyalize sou Gwoup Konsiltatif sou Divèsite nan Lekòl ak pwosesis distri kominote lekòl ki dekri pi wo yo, ki gen ladan opòtinite pou patisipasyon.

Resous sa yo pral tradui nan lang DOE yo, pou fanmi yo ka gen aksè a yo san I pa depann avèk lang yo pale a. An jeneral, DOE a pral travay pou asire tout resous sou entènèt yo aksesib pou tout fanmi, ki gen ladan I sa ki gen andikap ak difikilte vizyèl.

Nou swete resous sa a pral ankouraje pi bon kolaborasyon, epi ap kominiye aksyon pi pwodiktif sou pakou ki mennen a plis lekòl divèsite

KONKLIZYON

Plan ak estratèj ki dekri pi wo yo souliye apwòch nou nan tout vil la pou travay ak kominote a epi mennen chèchè yo ak pratisyen yo pou yo kreye, mentni, epi sipòte sal klas ki divèsite.

Plan sa a se sèlman yon premye etap li ye. Pwooblèm sa yo ak diskisyon sa yo pamí sa ki pi difisil nan sistèm eskolè nou an, men li mennen a kèk nan lide pi pwomèt sou kijan pou atenn egalite ak ekselans pou tout. Ou kapab aprann sou kijan pou w patisipe sou sitwèb nou an nan schools.nyc.gov/diversity oubyen ekri yon imèl nan diversity@schools.nyc.gov.